Дала бакъо толайойла!
# Зама
Время

zama95.ru gazeta__zama shali_zama@mail.ru Газета выходит с 1933г. 25 апреля 2023г. № 33 (93227) Свободная цена

Муниципальное бюджетное учреждение «Шалинская районная газета «Зама»

● *Праздник*



## Рамзан Кадыров: Бескрайнее счастье видеть беззаботные, искренние улыбки детей

*21.04.2023 г.*

Рамзан Кадыров вместе с Аймани Несиевной и Медни Мусаевной принимали поздравления с праздником Ураза-Байрам от многочисленных гостей и радовали гостинцами маленьких жителей Чеченской Республики. Об этом в социальных сетях рассказал Глава ЧР.

Рамзан Кадыров написал, что одним из самых любимых частей праздника Ид аль-Фитр в их семье, как и в других домах мусульман, является процесс приёма гостей. И речь идет не только о родственниках с соратниками, но и в целом о людях совершенно разных слоев населения. Среди этих категорий отдельное место занимают дети. Для них специально к празднику взрослые закупают разные сладости и в течение всего дня они получают лакомства.

«Мы вместе с мамой Аймани Несиевной и Медни Мусаевной с огромным удовольствием лично принимали с утра поздравления от многочисленных гостей и особо радовали гостинцами наших маленьких жителей. Они со своей стороны непринужденно и искренне поздравляли нас с праздником, - написал Глава ЧР. - Это бескрайнее счастье видеть беззаботные, искренние улыбки детей и благодушные настроения взрослых. И очень здорово, что мусульмане предпочитают встречать и проводить такие светлые праздники в кругу своих семей, родных, близких, встречая их, даря им светлые чувства, вызывая неподдельную радость и излучая сердечное тепло«.

*ИА «Грозный-информ»*

● *Коьртачу редакторан дош*

## Мотт ца хилча – къам хир дац

**Ирс долуш стаг хета суна со, хIунда аьлча Шеларчу «кIайн школе» (хIинца № 6 йолу йуккъера школа!) 50 шо сов хьалха йуьхьанцарчу классе деша воьдуш дуьххьара йукъайелира Мациев Ахьмад автор волу керла абат. Оцу Iамат тIерачу surташцa суна дуьххьара нохчийн элпаш довзийтира тхан хьехархочо Цицаев Махьмин Бетира. Цул тIаьхьа 5-чу классера Шелан № 1 йолу йуккъера школа чекхйаккхалц, суна ненан мотт хьоьхуш вара оьзда стаг, похIме охIланча – Джукаев Бекин Мохьмад.**




Жимма хан йаьлча НГIПУ-н филологин факультетехь (къоман отделени) ненан мотт, литературий суна хьийхира профессорша Арсаханов Исраила, Чокаев Катис, Iилманчаша Тимаев Вахас, Эсхаджиев Якъуба, литераторша Музаев Нурдис, Дикаев Мохьмада, Гацаев СаIида, кхечара.

Циггахь, университетехь доьшуш волуш, суна бевзира нохчийн гоьбевлла йаздархой, поэташ – Ошаев Халид, Мамакаев Мохьмад, Айдамиров Абузар, Саидов Билал, Мусаев Мохьмад, Арсанукаев Шайхи, дуккха а кхиберш. Уьш бовзаран коьрта бахьана дара со, студент, «Ленинан некъ», «Комсомольское племя» газеташкахь, «Орга» альманаха тIехь наггахь зорбане волуш хилар. Цул доккха ирс суна дуьнен тIехь кхин хета а ца хетара. ХIинца-м иштtаниг ас аьлча, цхьаберш цецбовлу, ма ирс хилла-кх иза, олий.

Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президента, Россин Турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас дIадолийнера вайн махкахь ненан мотт кхиоран гIуллакх. Иза коьрта а лорура цо. Цундела ас даим а дозалла а дора цунах, воккха а вера со. Республикина уггаре а хала йаьхкинчу хенашкахь Ахьмад-Хьаьжас (Дала гIазот къобалдойла цуьнан!) нохчийн мотт бовзийтарехь, иза кхиорехь, баржорехь, цуьнга марзо кхолларехь къахьоьгуш болчу Iилманчашна а, йаздархошна а, журналисташна а гIонакъосталла деш хилла хиларна теш хилла ву со.

…Нохчийн Республикехь дика ламаст хилла схьадогIу 25-чу апрелехь нохчийн меттан Де даздар. 16 шо хьалха Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана и Де билгалдоккхуш шен указца чIагIдина. Ненан мотт – иза кхетош-кхиоран а, оццу хенахь кхидолу метtанаш Iаморан а шатайпа гIирс бу. Вуьшта аьлча, мотт – иза къоман са ду.

Ненан маттахь къамел до вай вешан берашца, оцу маттахь Iамадо дайн сийлахь Iадаташ, оьзда гIиллакхаш, йовзуьйту дуьненан хазалла, исбаьхьалла. Цундела муьлххачу йукъараллин а декхар ду шен ненан мотт Iалашбар, кхиор, тIекхуьучу чкъурана синхазна дIакховдор.

Дезчу дийно вай массо а декхаре до ненан меттан хазна ларйарехьа кхин а чIогIа къахьега. ХIунда аьлча, мотт – къоман коьрта билгало ю. «Шен мохк а, мотт а боцург къам дац», - олуш дара Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан Кадыров Ахьмад-Хьаьжин.

Кху дезчу дийно вайна массарна а дагадоуьйту массо халкъан шен, кхечерачух къаьсташ йолу, культура, Iадаташ, ламасташ хила бакъо хилар а, и хазнаш ненан маттаца йоьзна хилар а. Вай даима а дагахь латто деза билггал нохчийн матто гIо деш хилар къам оьзда, иманехь хилийтарна.

Тахана ас даггара декъала до нохчийн меттан Денца дерриге нохчийн къам а, нохчийн мотт кхиорехь къахьоьгуш болу Iилманчаш а, хьехархой а. Дикаллин а, доттагIаллин а Де хилла лаьттийла вайна нохчийн меттан Де!

Къайле йац, вайн чолхечу заманахь дуьнентIехь дуккха къаьмнаша бицбина шайн мотт, йукъаралла кхоллайаларехь, дIахIоттарехь мехала маьIна лелош берг иза белахь а. Вешан мотт бицбелча, довр ду вайн орамаш. Цу тIе оцу хьоло тIедаладо халкъаш хIаллакьхиларна. Лаьтта тIехь нохчийн халкъ мел деха, нохчийн меттан Де хьакъ ма-дду билгалдаккхарна ницкъаш а, хаарш а, кхидерг а ца кхоош бIешерашкахь оьмар хуьлда вайнехан. Дала тIаьхье беркате йойла!

● *События*

## Акция «Знамя Победы»

**В преддверии 78-й годовщины Победы в Великой Отечественной войне, в нашей республике проходит патриотическая акция «Знамя Победы». Она призвана отдать дань уважения великому подвигу миллионов советских людей, отстоявших свободу и независимость нашей страны в годы Великой Отечественной войны. Принимая Знамя Победы, мы преклоняем головы перед подвигом солдат нашей Родины. Знамя это вчера прибыло к нам, в Шали, из г. Аргун, куда его доставили из Гудермеса.**

Начинается торжественная церемония передачи эстафеты «Знамя Победы».

– Школа, равняйсь, смирно! Равнение на Знамя Победы! Знамя Победы внести! – объявляет ведущая, организатор внешкольной работы СОШ № 11 г. Шали Иман Тарамова. Здесь и проходит церемония, посвященная передаче Знамени Победы

– Сегодняшняя акция передачи Знамени Победы очень важна для всех. Мы должны быть достойны памяти павших героев и укреплять мир между всеми людьми, независимо от их национальности или вероисповедания, – говорит Иман Сайд-Магомедовна.

На торжественном мероприятии присутствовали почетные гости: Зулпа Гайрбекова – заместитель главы администрации Шалинского муниципального района, Ибрагим Бачаев – председатель Совета депутатов Шалинского городского поселения, Хасмагомед Бизаев – начальник отдела военкомата Шалинского, Курчалоевского районов и г.Аргун, Турпал-Али Дженгираев – председатель Общероссийской общественной районной организации инвалидов войны в Афганистане, а также ветераны- афганцы и многие другие.

– Большая ответственность ложится на тех, кто берет в руки Знамя Победы. Раньше, если теряли знамя, то сразу расформировывали эту воинскую часть. Поэтому знамя берегли, как зеницу ока, – отметил Абдул-Хамид Уздарбиев, председатель Регионального отделения инвалидов войны в Афганистане.

– Мы никогда не забудем тех, кто, не жалея своей жизни, завоевал свободу и счастье грядущих поколений, - сказала на церемонии вручения Знамени Победы член Общественной палаты ЧР Лейла Аюбова.

Известный в республике историк и писатель Муслим Мурдалов напомнил собравшимся: – Все дальше вглубь истории уходят события Великой Отечественной. Но никогда не изгладятся из нашей памяти события этой страшной войны, участниками которой были десятки тысяч чеченцев.

По завершению церемонии передачи Знамени Победы, начальник Шалинского райОНО Рустам Халимов, а также директор СОШ № 11 г.Шали Элита Ахмадова поблагодарили многочисленных гостей, принявших участие в этой патриотической акции, и пригласили их на торжественный обед.

Кстати, 25 апреля шалинцы передадут, в торжественной обстановке, эстафету «Знамя Победы» соседнему Веденскому муниципальному району.

***И. МАТАГОВ***

**2023-г1а шо – нохчийн меттан Шо**

# Хьехархочун шолг1а аг1о а йу цуьнгахь

Исраилова Луиза суна йевзира йалх-ворх1 шо хьалха, йиййцарехь мелла хьалхе дуьйна ша йевзаш хиллехь а. Суна и йовзар литературин хьаьрмехь хуьлучу цхьанакхетаршкахь хилира. Амма тахана кху очерка т1ехь ас цунах дийца леринарг и дац. Йаздархо хиларал совнаха, махкахь а дика йевзаш хьехархо йу Луиза. Иза иштта ца хуьлийла а дацара, х1унда аьлча, Нохчийн Республикин халкъан хьехархочун Исраилов 1абдул-Хьамидан доьзалехь хьалакхиира иза, нана а йара цуьнан хьехархочун болх беш хилла (х1инца и шиъ доцуш ду, Дала гечдойла цаьршинна).



Луизин да 1абдул-Хьамид махкахь дика вевзаш вара. Нохчийн мотт хьехарехь дукха къахьийгира цо. Цу балхахь 1аламат дукха зеделларг долуш хилла хиларе терра, нохчийн мотт хьехарх лаьцна дуьйцучу меттехь уггаре хьалха шен ц1е йоккхучех цхьаъ вара иза. Цуьнан некъ схьаэцна схьайог1уш йу тахана йо1 Луиза. Нохчийн мотт хьехар, бийцар хьахочу меттехь дакъалоцучарех цхьаъ хуьлу иза а.

Исраилова Луиза дуьненчу йаьлла 1984-чу шарахь Шелан к1оштан Белг1атой-эвлахь. 1990-чу шарахь хьалхарчу классе деша йахара иза. 2001-чу шарахь дашочу мидалца школа чекхйоккхий, Нохчийн пачхьалкхан университетан филологин факультетан къоман отделене хоржу йо1а. Ша доьшуш а йолуш, йинчу йуьртахь д1аболабо цо хьехархочун болх. Балхаца цхьаьна деша а доьшуш, кхиамца, ц1ен диплом а луш, чекйоккху Л. Исраиловас Нохчийн пачхьалкхан университет.

2001-2015-чу шерашкахь шайн йуьртахь бераш 1амош къахьегначул т1аьхьа Соьлжа-Г1аларчу дешаран Центре сехьайолу иза. Цигахь болх беш а йолуш, 2020-чу шарахь Нохчийн меттан институтан хьехархойн говзалла лакхайаккхаран Центран 1илманан балха а йог1ий, цу хенахь дуьйна а ший а болх цхьана д1ахьо цо. Х1инца 20 шарал сов йу цуьнан белхан стаж. Цундела ларамаза дацара цунна лаккхара квалификацин категори йалар.

Цул совнаха, к1оштахь д1абаьхьначу «2009-чу шеран хьехархо», «Нохчийн меттан хьехархо -2010» ц1ераш йолчу къовсамашкахь толамаш бахарца а, «2013-чу шеран нохчийн меттан хьехархо» - республикански къовсадаларийн лауреат а,«Тоьлла нохчийн меттан хьехархо» (2015 шо) конкурсан толамхо а хиларца билгалйаьлла Луиза, Шен ден лорах, цунна т1аьхьа х1оьттина и д1айоьдуш хиларан тоьшалла ду иза. Лаа олуш ма дац: «1ожана 1аж гена ца бужу». Цхьа хан йаьлча, шен ден 1абдул-Хьамидан санна, дешарехь йоккха ц1е а йолуш, Луиза хирг хиларх теша.

Х1инцале дешаран г1уллакхна 1аламат доккха дакъа йукъадиллина цо. Цунна тоьшалла ду Нохчийн Республикин дешаран Министерствос нохчийн мотт 1амо а интернет-проект кечйечу хенахь, и кечйеш дакъалаьцначарех уггаре хьалхарчех цхьаъ Луиза хилла хилар. Тахана, массо бохург санна, интернет машанехь воллуш хиларе терра, иза ч1ог1а мехала г1уллакх дара къаьсттина къоначарна нохчийн мотт 1амо а, карлабаккха а. Цу проектах а, иштта и санна йолчу кхечу интернет-проектех а дешархоша пайдаоьцуш хилар гуш дара, цара цхьажимма а шайн шеко йолуш а, шаьш цу кхеташ а долу х1ума хилча, «цу проекта чу хьажахьа, цу чохь хуур ду хьуна», - бохуш, и проекташ йиййцаре йеш хезаш. Иза билгало йара и санна йолу проекташ х1инцалерачу заманахь ца хилча йиш йоцуш хилар.

Интернетухула дешархошна хаарш д1аккхачо къахьегна ца 1аш, методически пособии кечйеш а болх бина Л.А. Исраиловас: 2018-чу шарахь 8-чу классашна лерина нохчийн литературин методически пособи йаздира цо. Оццу шарахь 8-чу классашна нохчийн литературина лерина белхийн тетрадаш а кечдира, 2-чу классашна хьоьхучу хьехархошна лерина урокаш-конспекташ аьллачу белхан автор а хилира иза. Цуьнан боккха кхиам бара и…

Х1инцале а к1езиг дац Луизас дешаран декъехь нохчийн халкъана дина г1уллакхаш. И дерриге а церан доьзалера схьа ду…

Ша ханна йоккха йацахь а, Луиза вайн махкахь дика йовза кхиъна. Иза дерриге а цуьнан къинхьегам бахьана долуш ду.

Цо дукхазза дакъалецира телевиденехь а, радиохь а д1ахьучу тайп-тайпанчу передачашкахь нохчийн меттан хазаллех а, к1оргаллех а дуьйцуш. Тахана а йукъараллин г1уллакхашна йуьстах 1аш йац иза.

Вай кхузахь Л.А. Исраилова 1илманча санна йиййцаре йан г1ерташ дац, уггаре хьалха иза дика хьехархо санна йиййцаре йеш ду. Кху т1ехь вай далийнчу тоьшаллаша иза бакъдеш хиларан шеко а йац. 1едало а къобалдина долуш ду иза: бинчу белхан лаккхара мах хадош, 2019-чу шарахь «Россин Федерацин дешаран сийлахь белхахо» ц1е йелира Луизина.

Заманан йохалла Исраиловг1еран фамилехь кхин цхьаъ а Нохчийн Республикин халкъан хьехархо т1екхетарг хиларх теша лаьа. Х1унда аьлча, цу т1е боьдучу новкъахь дика ларош йу х1инца а шовзткъа шаре йалаза йолу, амма пох1ма долу хьехархо 1абдул-Хьамидан Луиза.

***БАНЖАЕВ Аьрзу,***
***тхан корреспондент.***

# Ненан мотт – сан синкхача

*«Нохчийн къам дийна хиларан мокхазан чIагIо ю нохчийн мотт».*

**Кадыров Ахьмад -Хьаьжа.**

Кху дуьненахь цхьа а х1ума дац маттаца дозхна доцуш. Цуьнан дозалла дийцина ца валлал, ма деза-докккха совг1ат дина-кх вайна Дала, бийца а, вовшех кхета а мотт баларца! Вайгара г1айг1а, бала, сингаттам – дерриг а д1аоьцу-кх аьхна буьйцучу матто.

Мотт – адамийн юкъаметтигаллин коьрта г1ирс а, оьздангаллин куьзга а хиларе терра, даима а шовданан коьртехь долу хи санна, ц1ена латто безаш бу. И бохург х1ун ду? Дера ду, охьадог1у хи дуьхьала нислучу нехаша санна, юкъакхуьйсучу дешнаша вайн мотт бехбеш, кхечу куьца боккхуш хилар.

Х1инцалерачу заманахь интернет-з1енехула язбечу маттаца вайн кегийрхоша ч1ог1а эшам бина вайн маттана. Долийна дош чекхдоккхуш дац, цундела йешархо маь1нина т1е ца кхуьуш меттигаш нисло. Т1екхуьучу чкъурана ца девзаш дукха а дешнаш хаало. Царна моьтту уьш кхечу меттан дешнашца хийца тарло. Амма иза иштта хуьлийла дац! Тахана йозанехь а, барта дечу къамелехь а иза талхийча, кханенга муха бер-те и? Цуьнан ойла ца йо кегийрхоша. Школехь хьехархоша а, ц1ахь дас-нанас а т1е тидам бахийта безаш, вайн юкъара лазам бу иза.

Мел йаккхий халонаш т1ех1иттарх, вайн дайша ца дожийна меттан сий. Цара ларийнарг къоман юьхь а, къоман орам а бу. Хир дуй ткъа къоман сий, цо ша ца лардича? Тахана вайн т1аьхьено дожош санна хета меттан сий, и кхечу маттаца избарца. Х1ун дер-те вай г1иллакхаш а иэлахь? Само йе вай!

Мотт ларбан, т1аьхьене и кхетам д1аккхачо декхарийлахь дерш а вай ду. Шен ненан маттахь хьеха деза берана г1иллакхаш, и буьйцуш даккха деза а дахаран новкъа. Кибиев Мусбека иштта яздина цунах лаьцна:

***Туьран чов йирзина олу,***
***Меттан чов йоьрзуш яц цкъа а!-***
***Г1иллакхан новкъа бер долу,***
***Нохчийн мотт буьйцуш ша даккхахь.***

Вайн халкъан кхане кхио вайн лаам белахь, уггар хьалха нохчийн мотт, олуш ма-хиллара, баьрчче баккха беза вай. Вай и лар ца бахь, орам боцчу диттах тарлур ду вайн къам.

Меттан сий цадечо шен ненан сий ца до. Ненан сий цадечо мехкан сий дийр дац. Шен мехкан сий дан хууш воцчух къонах хир вац.

Дала лардойла вай ненан мотт бицбина дакъазадовларх! Дала хьуьнар лойла вайна и ларбан! Дерзорехь дало лаьа ненан маттах лаьцна сайн мог1анаш:

**Маржа йа1, ненан мотт,**
**маржа йа1!**
**Бу-кха хьо цхьа к1еда, аьхна!**
**Мел лехарх йаккхийчу**
**г1улчашца**
**Карор яц хьол йоккха хазна.**

**1уьйренан тийналла йохош,**
**Охьадог1у сирла Ахк санна,**
**Ладег1арх хьох дог ца 1ебаш,**
**Бека хьо, йовхо луш суна.**

*УСМАНОВА Мадина.*

**Дагалецам**

# Бевзаш болу эвтархой

**Х1ора стеган, йуьртан, къоман, пачхьалкхан шен-шен истори хуьлу. Ткъа и кхуллуш дерш адамаш ду. Суна тахана дийца лаьа Эвтарахь баьхна болчу дикачу нахах. Аса хьалхе бехк ца биллар доьху йуьртахошка, нагахь санна цхьаболчу нехан, вицвелла, аса ц1ераш ца йахахь.**

Хуло хица, шерачу аренгахь, лаьмнийн когашкахь 1уьлу йоккха йурт Эвтара, шен чохь 25 эзар гергга адамаш дехаш. Йуккъерчу барамехь 250 шо сов хан йу тхан йурт йиллина. Кхузахь беха дуккха а тайпанех болу нах: гуной, чармой, ялхой, ц1икрой, харачой, тарккой, куршлой, заьндакъой, хой, шуоний, эрсаной, дишний, ачалой, ч1инхой, элистанжахой, гезинчахой, г1езлой, г1оьрдалой,1аьндий, арг1аной, ц1ечой, айткхаллой, билтой, суьлий, туркой, энганой, макажой, дуьркой, кхиберш.

Йеза меттиг йу Эвтара, шиъ эвлаяъ ваьлла – 1овдий, 1елий. Иштта, эвлияйин дакъа долуш хилла бу – Шахьмирза, Яхьян Исраил. Махкахь а вевзаш, доккха 1илма долуш хилла ву 1овдин бажа Исраил-Хьаьжа. Дехьа-сехьа бевзаш 1еламнах хилла кху йуьртара: Мурдул, Г1ани, Абу, Шедед, Пирта, Межед, кхиберш а.

Шиъ зиярт ду йуьртахь: 1овдин, Кишин-Хьаьжин йишин Матин. Наха лерам беш, шайн-шайн вирдашкахь болуш муридаш баьхна кхузахь: Ганда, Дилма, Эвтархой Дада, Хут1а, Ганди Хьасан, Атама, Малхо, Демилхан Мохьмад.

Дуккха тоьлла лоьрашца г1арйаьлла йу Эвтара. Кхузара ву къоман дуьхьхьарлера РФ-н хакъволу лор Эпендиев Шах1аб. Махкахь а бевзаш, сийлаллин ц1ераш йолуш бу лоьраш: Бахарчиев Хьаьжбекар, Берикханов Султан, Алимхаджиев Султан, Басаев Рукман, Межидов Са1идбек, Байсагуров Турпал, Безиев Хасмохьмад.

Иштта, ц1ейаххана дуьненан 1илманийн к1оргене кхийдина бу профессораш Бислиев Абдул-Хьамид, Исраилов Ибрах1им, Исраилов Мохьадди, Успаев Г1умки, Эпендиев Темирлан, т1еман-лор инарла-майор Нунаев Ваха-Хьаьжа.

Махкахь цхьа карчам хилча, йа цхьа бохам т1ебеъча йуьстах ца 1ийна эвтархой. Имам Шемилан наиб хилла нохчийн фольклорехь, иллешкахь вуьйцуш волу Эвтархойн Ахьмад. Цуьнан полкехь майраллица билгалваьлла хилла командир Таторш Буг1а, б1аьхой – 1ахин Тимаркъа, 1усманан 1успа. Шен хенахь обарг Зеламхин накъост хилла 1азин Раъсхьаьжа. «Акха дивизи» олучу армехь дакъалаьцна бара Чоккин Ц1ага, Хьаммирзин Иду, Бахьадаран 1усман.

Цоци-эвла йоккхуш доккха дакъалаьцна эвтархоша, шайна хьалхаваьлла 1овдийн 1ела а волуш. Г1азотехь дуккха а йуьртахой эгна цигахь.

Фашистски Германица хиллачу т1амехь майралла гайтина 200 сов эвтархочо. Царех дукхах берш т1емаш беш эгна.

Къам массо аг1ор кхиар лиъна волчу 1овдин 1елас 1913-чу шарахь йуьртахь схьайиллина дуьххьарлера хьуьжар. Кхузахь бусалба дин хьехарал совнах, 1амош хилла оьрсийн мотт, математика, географи, иштта кхийолу предметаш.

Советан 1едал т1едеъначул т1аьхьа, 1930-чу шерашкахь, Эвтарахь схьайиллина йуккъера школа. Оцу школехь куьйгалхо хилла Довлетукаев Насарди. Хьехархойн болх бина Баймурадов Шемильхьаьжас, Яхьяев 1алавдис, Умархаджиев Исмайла, Гапаев Индарбис, Нунаев Лечас, Абазаев Абдурахьмана, Бислиев Махьмуда, Якубов Адама, Титаев Катас, Исраилов Узумхьаьжас, Басаев Хьажмирзас.

Нохчийн халкъ, бехк а боцуш, ц1ерадаьккхина Казахстанехь а, Киргизехь а 13 шо даьккхина ц1адирзинчул т1аьхьа, кхинхьегамехь шайн хьуьнарш гайтина йуьртхоша. Эвтарара б1еннаш белхалой бара «Пищемаш» а, шекаран а, кибарчигашйечу а заводашкахь АКСМ а, СИ а ц1е йолчу комбинатехь къахьоьгуш. Иштта дукха йуьртахоша къахьегна меттигерчу Къилбаседан Кавказан з1аькардахьни лелоран фабрикехь а, «Автурински» совхозехь а. Ленинан орденан кавалер Сайдахмедов Райбек а, иштта дукха кхиболу эвтархой а бара къинхьегамехь шайн хьуьнарш гойтуш.

Таханлера х1ара парг1ато йеъча, НР-н Хьалхарчу Президентаца, Россин Турпалхочуьнца Кадыров Ахьмад-Хьаьжица (Дала г1азот къобалдойла цуьнан!) цхьаьна, ЖКХ-н министр волуш, болх бира Сугаипов Абус. Иштта шен хенахь НР-н йуьртан бахаман министр вара Мурдалов Таьштамир.

Ч1ог1а нийса аьлла вайн Хьалхарчу Президента Кадыров Ахьмад-Хьаьжас: «Хьехархочо кхуллу къам». Цундела хьахо лаьа Эвтарара дика бевзаш болу хьехархой. Цара йерриг шайн могашалла, дахар д1аделла школехь берашна хьоьхуш. Х1орш бу уьш: Чигиев Мохьмад, Махаджиев Махьмуд, Султанов Махьам-Шерип, Баргиев Хьамзат, Мадаев Леча, Солтаханов Мусшейх, Мурдалов Шомсти, йижарий Безиева Зараъ а, Зураъ а, Салаватов Г1ирмасолта, Хизриев Зайнди, Алисултанов Хавас, Ахматханов Мохьмад, Джантимирова Минга, Султанова Натару, Аржиев Бадрудди, Аржиева Зараъ, дукхха а кхиберш.

Йаздархой а, журналисташ а хилла тхан йуьртара. Россин йаздархойн Союзан декъашхо хилла ву республикехь дика вевзаш волу журналист Гапураев Хьасан. 1974-чу шарахь дуьйна СССР-н журналистийн Союзан декъашхо вара иза. Махкахь дика вевзаш, шен дерриге дахар журналистикина д1аделла вара, 50 шарахь шуьйрачу хаамийн г1ирсашкахь къахьегна волу Сайдаев Ваха а.

Нохчийн музыкальни искусствехь, и кхиорехь дуккха а къахьегна йара шатайпа пох1малла долуш хилла йолу Асхабова 1айнаъ. Иштта, ша мукъамаш дохуш, ша хаза иллеш д1аолуш вара халкъо хазахеташ т1еэцна волу Дидигов Билухьаьжа а. Шен стихаш т1ехь мукъамаш а дохуш, г1орг1а озаца декара Рашидов 1умаран иллеш а.

Спортехь кхечу йартел т1аьхьайисина йац Эвтара. Нохчийн ц1ерабаьхначу хенахь боксехула Казахстанан чемпион хилла ву Эльмурзаев Борз-Хьаьжа. «Джиу-джитсу» олучу латарехула баккхий кхиамаш бахьна, Европехь а, Россехь а дашо мидалш йаьхна ву Абубакаров Сайпудди. Дуккха а керла къона чемпионаш а кхиийна С.Абубакаровс, дуьненан а т1ехь. Боксехула, латаршкахула Россехь, дозанал арахьа а дуккха турнирашкахь толамаш баьхна вежарша Маташев Зелимхас а, Шемала. Иштта кхиамаш баьхна ву Мусаев Изнаур, Эмиев 1арби. Ткъа Дураев Альберт дерриге дуьненахь а вевзаш спортсмен ву.

Хууш ма-хиллара, истори йаздеш ца хилча, йа кар-кара оьцуш дуьйцуш ца хилча, дукхха хиламаш нахана хааза буьсу. Со синтеме хир ву, хокху сан йаздарех цхьаммо мукъане пайда эцахь.

***АРЖИЕВ Бадрудди,***
***хьехархо.***

# Литературин агӀо

ДЖАБРАИЛОВА Руми

## Хьо нийса вахалахь

*Хьекъалний, кхетамний
Сонта ма хилалахь.
Вокхханиг ларий бен,
Ахь хьо ма ларалахь.
Кхечуьнан дош кагдеш,
Хьайн дош ма алалахь.
Жимачо аьлла дош
ЧӀире ма лацалахь.*

*Ирча сурт хьайна гахь,
БӀаргашна бӀарзлолахь.
Хьарам дерг хезачохь
Лергашна къарлолахь.
Къилахь дерг олучохь
Маттана артлолахь.
Кхоьллинчо бихкинчу
Некъа тӀехь ма гӀолахь.*

*Хьо везаш лелийна
Хьайн нана ларалахь.
Хьомсарчу хьайн ден а
Ахь сий ма дайъалахь.
ГӀиллакхе, оьзда а
Хила виц ма лолахь.
Лулахой, махкахой
Реза бан хьажалахь.
Хьайна тӀе вовссина
Хьаша-да ларалахь.
Йухаван, марзаонца,
И новкъа ваккхалахь.
Хьайн кийра хиина
ШайтӀа дӀадаккхалахь.
Тешаме къонаха
ДоттагӀа лацалахь.*

*ТӀехьашхул мочтагӀчун
Тешнабехк ма белахь.
Набарна тевжаш а
Хьайн йукъ ма йасталахь.
Къонаха ву хьайна
Айхьа ма бахалахь.
И нахе алийта,
Царна тӀе диллалахь.*

*Йоккхучу хьайн ханна
Собаре хилалахь.
Хьалха дӀа хьажий бен,
Ахь ког ма баккхалахь.
Хьарамло дӀатесна,
Хьо хьанал вахалахь.
Хьо вехачу ханна
Йохьах ма вохалахь.*

ЗАКАЕВА Фариза

## Шайн берийн ойла йе

*Ма йаккха шайн берех нана,
Цул доккха хир а дуй къа?
Сих ма ло цаоьшу ала,
Сих ма ло йахийта дӀа.*

*Кхин зуда карор йу атта,
Муьлхханиг йогӀур а йу.
Дуьнене гӀийла бӀаьрг бетта
Шайн бераш аш дуьтур ду.*

*Ишколе даханчохь хьоьгуш
Кхечаьрга уьш хьоьжур ду.
Наноща хир ма ду бераш,
Ткъа шуьшиъ байлахь хир ду.*

*Ойла йе, ма къаста вовшех,
Доккха къа ма иэца тӀе.
Шайн берийн дегнашка хьовсий.
Хилийта дахар ирсе.*

*Кху доккхачу дуьненчохь
Цхьа хаза мохк бу,
Уггар сийлахь мохк бу и,
Со йина, сан хьоме Даймохк!*

*Уггар нуьцкъал мохк бу сан,
Кхузахь деха турпал халкъ,
Дахар ду вайн денна толуш,
Болх бо кхузахь, бан ма безза.*

АБДЫРАШИТОВА Маьлх-Аьзни

## Сан Даймохк

***Кхузахь деха оьзда къам,
Кхузахь деха турпал халкъ.
ХӀора воллу шен болх беш,
Халкъ ду мехкан дола деш.***

***Дашо малх бу хьо,
Сан сийлахь Даймохк!
Маьлхан зӀаьнарш ю хьо,
Сан хьоме Нохчийчоь!***

***Сийна хӀорд бу хьо,
Сан сийлахь Даймохк!
Сирла шовда ду хьо,
Сан хьомсара Нохчийчоь!***

***Хьо хестош, дека сан иллеш,
Хьо лоруш, ловзу сан дог.
Со йина, кхиина латта,
Сан хьоме, сийлахь Даймохк!***

МАТАГОВ Исхан

## Нохчийн мотт

*Уьйрашка мел хаза бека хьо аьхна
Башха ахь хьал-де а хотту.
ХӀун до хьо бицбина дуьненахь ваьхна,
Хьал долу, сан Ненан мотт?!*

*Вац хьуна, цуьрриг со хьоьха къахеташ,
Йиший оьхна, хьуна саготта.
Йемалбеш, дахарехь хьо дош ца хетарш,
Церан ду-кха къа, Нохчийн мотт.*

*Хилла хьо! Хир а бу халкъалахь бехаш,
Даймехкан хазалла йуьйцуш.
Нохчийн мотт, хьо болуш хета суо вехаш!
Доьзалца цхьаьна хьо буьйцуш.*

*Iамабе меттанаш кхечу а къоман,
Уьш хаар ду хьуна дика.
Амма, ахь биц ма бе лекханиг ломал,
Вайн маттахь аз хаза дека.*

ЮСУПХАДЖИЕВА Аза

## Сан Нохчийчоь

*Сан Нохчийчоь, хьо йехийла,
Халонашна къарцалуш,
Кхин ца девзаш денош шийла,
Адамийн бӀаьрагаш чохь ирс гуш.*

*Сан Нохчийчоь, хьо йехийла,
Даим йуьхь тӀехь бӀаьсте гуш,
Кхин ца йевзаш Iаьнан чилла,
Тхуна дахар декхна гуш!*

*Дуьне хьоьгуш, мел тови йу хьо.
Халонашна йахь ца луш.
Сан Нохчийчоь, йехийла хьо,
Хьо йезначийн вуо ца гуш!*

*Сан Нохчийчоь, хьо йехийла,
Махкахь къонахий кхуьуш,
Шовдан коьртехь безам балхош,
Аьхна кхача дагна луш.*

*Дуьне мел ду кхуьуш, хазлуш,
МостагӀашна къарцалуш,
Сан Нохчийчоь, хьой ехийла,
Бийца къонахий болуш!*

АБУБАКАРОВА Раиса

## Ма хила лай!

***Сий ойуш буьйцучо вайн Нохчийн мотт!
Ларамца хадор бу вайн къоман мах!
Даго тӀеоьцур бац кхин, хийра мохк,
Буьйцур бу ненан мотт, лур бац и къахь!***

***Ийзалуш лелахь хьо, бийцарехь мотт,
Дицлуш дайн орамаш, Нохчочун яхь!
Йиццаро къоман кеп, хийцаро ботт,
Нохчаллах вокххур вуй хьо, хаалахь!***

***Къаьмнашлахь къовсамехь ду ала дош!
Угаре ширачех бу Нохчийн мотт!
Бийцахь и сий дина, ца иэдеш дӀовш,
Къовсамехь сий хир ду, кхайкхабеш Мохк!***

***Ненан мотт биц а бай ма лела, хӀай!
Хьо цхьанне оьшур вац, хир бу мах бай.***

***Сийлахь къам дицдина, хетийтахь вай,
Лелар ву декъаза, хилла хьайх лай!***

***Лай хилла Нохчийн къам цкъа лелла дац!
ГӀиллакхах ца бухуш, ларбелла нах!
КӀиллох цкъа стаг хеташ цхьа хилла вац,
Iадаташ ца лардахь – хетар бац мах!***

***Вайн дайша ларбина вайн Ненан Мотт,
ТӀаьхьлонна дитина ала шайх дош,
ТӀаьхьарчу тӀаьхьаьнна дитина кост,
Дедайша лелийнарг – ма хета мохь!***

***Хаалахь, бехар бу вайн Ненан Мотт,
Шо-шере мел дели кхетар бу нах!
Лай хилла лелар ву бицбинарг Мохк,
Эла къам лаьттар ду - айъина мах!***

ХАЛИДОВА Хеда

## Пусар де хьайн ненан меттан

*Ма ала, ца хаьа ненан мотт хьайна,
Ахь муха эр ду, ца хаьа, хьо мила ву?!
Ма ала, ца беза ненан мотт хьайна,
Ахьа муха эр ду
Нана ца еза?!*

*Ахьа муха йуьйцур йу, ламанийн чӀагӀо?
Ахьа муха йуьйцур йу хьаннийн хазалла?
Муха дуьйцур ду шовдане дагара?*

*Ахьа муха буьйцур бу,
Езаре безам?!*

*Курачу лаьмнийн баххьашкара схьаэцна,
Лаьмнийн шовданца литтина цӀанбина.
Дайша схьабелла хьайн ненан мерза мотт,
Ахьа муха буьйцур бац?
Ала и соьга.*

## «Къен» доьзал

----------------------- *Забар* -----------------------

Хьалдолчу ингалсхойн доьзало хийцина хилла шаьш деха гIала. Керлачу меттехь церан кIант дуьххьара школе воьдуш хилла оцу дийнахь. Нанас кIантана тIаьхьайаьллачохь, хьехар дина цунна: «Варийлахь, цхьана а адам-дега ма хайиталахь вай дехаш Iаш дуй», – аьлла.

КIант школе дIакхаьчна, урок йолайелча хьехархочо шайн доьзалх лаций сочинени йазйе аьлла берашка. Хьоладен кIантана дагадеана шега шен нанас баьхнарг, йуха ойлане а ваьлла дIайолийна шен сочинени: «Тхан доьзал чIогIа къен Iаш бу. Къечу меттехь, къечу цIа чохь Iаш ду тхо. Тхан дас олу тхоьга: «Къен хилар гIолехь ду, хIунда аьлча хьалдолу нах даима а саготта хуьлу шайн бахам хIун дина совбоккхур бара-те бохуш. Вижар-гIаттар доцуш дIадолу хьолахойн дахар. Ирс долуш бу къен нах, Iаббалц наб-х йой цара!» –тхан дадас кест-кеста олу иштта.

Ткъа тхо-м къен Iаш ду. Иштта-м, тхан цIахь мел верг а ву шуна къен Iаш: тхан йалхой а къен бу, тхан шофер къен ву, тхан хехо а къен ву, тхан бешара дитташ, зезагаш кхудуш верг а къен ву, тхан поварш къен бу».

*Ингалсан забар нохчийн матте гочйинарг*
***З. ЭЛЬДЕРХАНОВА.***

МАГОМАДОВ Мовсар

## Шела - гӀала

*Зезаг санна хьо-м хазйелла,
Хьалхалера Шела яц.
Куьцехь, тайна хийцайелла,
Хестайан хьо кӀордор дац.*

*Шела, хаза гӀала Шела,
Шуьйра, сирла урамаш.
Маьлхан нуьрехь санна, лепа
ЦӀеста сирца маьждигаш.*

*ХӀурдан тулгӀеш санна, леста,
Баьццар басехь аренаш.
ВогӀу кӀотарш со-м хьан хьеста,
Попан хаза боьлакаш.*

*Нагахь эвла йисте волий,
Бесан бердехь лела со.
Аьхна Iалам самадолий,
Екхна маьрша Iуьйре го.*

СУЛЕЙМАНОВ Абубакар

## Беро а къаставо

*Iабдул - Малик хьекъале,
Дегала Мухьаммад.
Мансур ву хӀиллане,
ДогцӀена Амир.*

*Эсала Амирхан,
Джабраил, Асхьаб,
Жиманиг – Сайфулла,
Сан зезаг – Iайша.*

*Уьш бу-кха сан безарш –
Сан берийн бераш.
Уьш бу сан дозалла,
Сан деган мерзаш.*

*Уьш бу кху дуьненал
Механа беза,
Шаболу сан бахам,
Сан ирсе дахар.*

*Уьш мара ца къовлуш,
Ца хьостуш цхьаъ а,
Дахана де хета
Шарал а деха.*

*Хьена ву? – хьаттича,
«Дадин ву» – хезча.
Кхаъ ма бац цул боккха
Дадина цхьа а.*

*ОьгӀазло совйаьлла
Догдоьхна хилча,
Царех бӀаьрг сан кхетча,
Цхьаннан аз хезча,*

*Са паргӀат а долий,
Дог ловза долу.
Сингаттам хаало
Хезча уьш боьлхуш.*

*Ткъа царна везий-те
Шайн Дада иштта?
Йа йохьург веза-те?-
Кхоллало ойла.*

*Йаханчу замано
Жоп делла суна:
Ша дезарг къаставо
Беро а шена.*

## 28 апреля - День работника скорой медицинской помощи



# Профессионалу возраст не помеха

**Муса Ярагиевич Тайсумов родился в 1959 году и вырос в Шали. В 1978 году окончил Шалинскую среднюю школу №3 и в том же году поступил в Грозненское медицинское училище. В 1980 году, прервав учебу, призвался в Советскую Армию. После демобилизации в 1982 году восстановился в медицинском училище и успешно окончил его в 1984 году.**

После училища сразу же был направлен на работу в Шалинскую ЦРБ фельдшером отделения «Скорой помощи». В 1988 году поехал служить вольнонаемным в Объединенную группу советских войск в Германии, где до 1991 года работал фельдшером в медсанбате. По возвращению на родину опять устроился на прежнюю работу.

Отец Мусы – Яраги был трактористом и алимом, обучал сельских детей Корану. Он прожил до 85 лет и умер в 2012 году. Свою большую семью Яраги (3 сына и 3 дочери) растил, строго придерживаясь канонов ислама и учил зарабатывать хлеб насущный честным и добросовестным трудом. Мать Зина до 1997 года проработала в Шалинской ЦРБ санитаркой. Сейчас ей 84 года. Две сестры Мусы работают медсестрами, одна – санитаркой в данной больнице. Единственная дочь Мусы оканчивает медицинский колледж и имеет намерение работать здесь же.

«Да, у меня возраст пенсионный, и я мог бы уйти на покой,- рассказывает Муса, - но, уступив настойчивым просьбам заведующего станцией скорой помощи Сайд-Паши Махматхаджиева и старшего фельдшера Айзан Дериевой, продолжаю трудиться. Рабочий стаж - 40 лет. Я всегда уважал людей в белых халатах и мечтал стать врачом. Но врачом мне так и не суждено было стать, так как в те времена поехать куда-то, поступить в ВУЗ, тем более в медицинский, было не каждой семье по карману. А в семье тракториста, который честно зарабатывал и с трудом кормил семью, возможности тем более не было. Но я не жалуюсь на судьбу и доволен ею, так как мечта моя сбылась, и я стал тем, кем хотел.

В годы первой и второй «чеченских» войн Муса выполнял свой профессиональный долг, не отрываясь от работы ни на один день. Были бомбежки, обстрелы, но он ни разу не ушел со службы, а, наоборот, как и другие оставшиеся в больнице медработники, всегда был в гуще событий, спасая раненых, больных.

Заведующий станцией скорой помощи Сайд-Паша Махматхаджиев и старший фельдшер Айзан Дериева, благодаря которым я все еще выполняю свои обязанности, пользуются в нашем дружном коллективе большим уважением, так как всегда на них можно положиться, они не оставят в беде. Конечно, руководители у нас строгие, но справедливые. Когда надо, укажут на ошибку, дадут возможность исправиться.

- Мусу Ярагиевича можно отнести к «незаменимым» работникам, - говорит заведующий станцией скорой помощи Сайд-Паша Махматхаджиев, - к которому можно обратиться по любым вопросам, в том числе и житейским. Он является и наставником, и примером подражания для молодых специалистов. Ведь они работают с больными, которые находятся в критической ситуации, и вызывают их именно в таких случаях. А они могут быть нервными, несдержанными и выливать свою растерянность именно на тех, кто приехал им помогать. И именно в такой момент фельдшер, главным образом, должен быть психологом и спокойно выполнять свои профессиональные обязанности, а Муса это умеет делать отлично. Во время пандемии коронавируса он первым заболел и лежал в больнице. После выписки, провел две недели на карантине и сразу же вышел на работу и выполнял свои обязанности до конца пандемии.

- Моя самая большая слабость – это рыбалка, - говорит Муса,- В год 2-3 раза я выезжаю в г.Астрахань на медицинский осмотр (после операции на сердце) и, пользуясь случаем, провожу по нескольку дней на рыбалке. То есть, совмещаю полезное с приятным. Если нет возможности выехать куда-то, рыбачу в нашей речке Басс. В день у меня, то есть у нашей бригады, бывают от 7 до 15 вызовов. Бывают и тяжелые вызовы, но мы справляемся. Если сравнить с прежними временами, то условия сейчас очень хорошие. Имеются необходимые лекарства, оборудование, новые автомобили, но, к сожалению, больных стало больше.

Хотелось бы отметить членов своей бригады - фельдшера Айшат Борщигову и водителя с 20-летним стажем Русланбека Ангаева, с которыми вот уже несколько лет работаем вместе.

- Мы вместе с Мусой работаем 5 лет, - говорит старший механик-водитель Ахмед Асаев, -Муса никогда не отказывается заменить коллег и в любое время готов прийти на помощь. Он для нас и старший брат, коллега и настоящий товарищ. Дай Аллах ему здоровья!

*А. СУЛЕЙМАНОВ*

**На снимке:** фельдшер станции скорой помощи Муса Тайсумов (*справа*); водитель Асланбек Ангаев (*слева*); фельдшер Айшат Борщигова.

## Хилам

# «Нохчийн меттан кІира»



**Иштта цІе йу тахана, оханан беттан (апрель) 25-чу дийнахь, Шела-гІалин № 1 йолчу Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун А-Хь. Кадыровн (Дала г1азот къобалдойла цуьнан!) цІарахчу йуккъерачу школехь дІайолайеллачу мероприятин.**

– Тхан Іалашо йу – дешархойн ненан матте болу безам, иза Іаморан лаам совбаккхар, – бохуш дуьйцу школан куьйгалхочо, Нохчийн Республикин хьакъйолу хьехархочо Алиева Яхас. – Оха дІахьур бу тайп-тайпана къийсамаш, нохчийн маттахь йолчу стихийн конкурсаш. Шоьтан дийнахь къоман даарш хІиттош, жамІаш дийр ду кІиранах мел диначуьнан.

Нохчйин меттан Денна леринчу цхьанакхетарехь дакъалецира вевзаш волчу журналиста, йаздархочо Муцураев Олхазара. ТІаьхьарчо школин библиотекина совгІаташ дира нохчийн йаздархойн а, ша йазйинчу а книгашца. Нохчийн меттан кІира «кхин а дІахьуш» ду. Дала тІаьхье беркате йойла цуьнан!

*МАТАГОВ Ихьсан.*



## Декъалвар

Винчу денца, 70 шо кхачарца, даггара декъалво тхайн бераллин доттаг1 **Джамбеков Мовлин к1ант Ваха.**

Дала могаш-маьрша вахавойла хьо тхуна массарна а!

*Накъостийн тоба.*

# Сообщение о предстоящем предоставлении в аренду земельных участков

В соответствии с ст. 39.18 Земельного кодекса РФ, администрация Шалинского муниципального района сообщает о приеме заявлений для предоставления в аренду земельных участков, сроком на 20 лет, под индивидуальное жилищное строительство, площадью 200-2000 кв.м. каждый, по следующим адресам:

| № | Расположения земельного участка (адрес) | Квартал | Площадь | Категория земли | Вид разрешенного использования |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. 9-я Космическая, № 10 | 20:12:0501009 | 1008 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 2 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 1 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 3 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 3 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 4 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Ночная, № 4 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 5 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Ночная, № 6 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 6 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 4 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 7 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 2 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 8 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 6 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 9 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 8 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 10 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 10 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 11 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 5 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 12 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 7 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 13 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 9 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 14 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 11 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 15 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 13 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 16 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 15 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
|  | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 17 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 17 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 21 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 18 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 19 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 19 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 23 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 20 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Техническая, № 25 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |
| 21 | ЧР, Шалинский р-н, г. Шали, ул. Ночная, № 8 | 20:12:0501044 | 1000 кв.м. | Земли населенных пунктов | Для индивидуального жилищного строительства |

Прием заявлений осуществляется в течение 10 дней со дня опубликования настоящего сообщения. Заявления принимаются по адресу: ЧР, Шалинский район, город Шали, ул. Сугаип-муллы Гайсумова, № 4, в здании администрации Шалинского муниципального района с 27.04.2023г. по 08.05.2023г.

**Заместитель главы администрации района Ю.И. Хаджиев**

«Зама»
Коьрта редактор
А. Х. Муцураев

Газета освещает события, происходящие в Шалинском муниципальном районе

Учредитель: МУ «Администрция Шалинского муниципального района»
Адрес учредителя: 366300, г. Шали, ул. Сугаип-муллы Гайсумова, №4

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике от 06 мая 2013г.
ПИ № ТУ 20-00078

Адрес редакции: 366300 г. Шали, ул. Орджоникидзе, д. №4 («Бизнес-центр»)

Подписано в печать 25.04.2023 г. в 09 ч. 00 м.
По графику – 25.04. в 10.00
Тираж 1000 экз.
Заказ №

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты «Зама»
Отпечатана в АО Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий».
Адрес издательства/типографии: 364021, ЧР, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35